

Kategori: **ELÈV YO**

Dat li soti: 7/19/13

Nimewo: **A-420**

Sijè: KONPÒTMAN ELÈV AK DISIPLIN – PINISYON FIZIK

Paj: 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règ sa a mete Règ Chanselye A-420 a ki date 24 jen 2009 la ajou epi li ranplase l tou. Li defini pinisyon fizik epi li entèdi yo fè etidyan li. An plis li mete egzijans pou fè rapò ak envestigasyon pou akizasyon sou pinisyon fizik.

Chanjman yo:

- Revize ak klarifye definisyon pinisyon fizik. Paj 1, Seksyon I.
- Revize ak klarifye etap pou swiv pou rapòte pinisyon fizik. Paj 2-3, Seksyon IV.
- Bay etap pou swiv pou Envestigasyon Nan Lekòl. Paj 3, Seksyon VI (C)
- Re-òganize epi eksplike etap pou envestigasyon yo. Paj 4-5, Seksyon VI.
- Eksplike kilè yo bay anplwaye yo akize a deklarasyon elèv temwen an te fè. Paj 3, Seksyon VI.
- Klarifye si yon anplwaye ta vyole Règ sa a yo ka fè disiplin li oswa pran aksyon ki apwopriye aprè. Paj 5, Seksyon VII.
- Nou te revize Dokiman 1 ki tache ak Règ sa a pou montre chanjman ki te fèt yo.

ABSTRE

Règ sa a defini pinisyon fizik epi li entèdi yo fè etidyan li. An plis li mete egzijans pou fè rapò ak envestigasyon pou akizasyon sou pinisyon fizik.

I. POLITIK

- A. Se politik Depatman Edikasyon an [Department of Education (DOE) an angle] pou li entèdi anplwaye, gadyen, machann, konsiltan DOE ak anplwaye òganizasyon kominotè pou kale elèv yo nan pwopriyete lekòl la, pandan vwayaj ak lekòl la ak lòt aktivite lekòl, epi lè yo pa nan pwopriyete lekòl la lè konpòtman elèv la pandan li pa nan lekòl la deranje oswa gen ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete sante, sekirite, moral ak byenèt kominote lekòl la an danje oswa ka mete li an danje.
- B. Nou pa dwe janm kale yon elèv pou pini li paske li ap fè dezòd. Pou abòde pwoblèm konpòtman yon elèv lekòl yo dwe ofri entèvansyon gide, travay ak paran yo, epi swiv règ A-433 Chanselye a ak Kòd Disiplin DOE a pou abòde pwoblèm konpòtman an.
- C. Y ap aji yon fason ki apwopriye pou fè disiplin nenpòt anplwaye ki vyole règ sa a.

II. DEFINISYON YO

Pinisyon fizik¹ se nenpòt fòs fizik ou mete sou yon timoun pou pini timoun sa a. Pinisyon fizik se pa lè ou itilize fòs fizik rezonab pou nenpòt nan rezon yo ki pi ba a:

- pou pwoteje tèt li kont chòk fizik;
- pou pwoteje yon elèv oswa pwofesè oswa nenpòt lòt moun kont chòk fizik (pa egzanp, fè moun sispann batay san li pa itilize gwo fòs);
- pou pwoteje pwopriyete lekòl la oswa pa lòt moun; ou
- pou kenbe oswa mete yon elèv deyò paske konpòtman li ap deranje lòd egzèsis oswa pèfòmans fonksyon, pouvwa, oswa responsablite distri lekòl la si yo mande elèv la pou li sispann fè dezòd epi li refize, epi yo pa ka swiv lòt etap oswa itilize lòt metòd ki pa gen fòs fizik pou timoun nan sispann fè dezòd la.

¹ Règ sa a pa kontwole abi vèbal. Abi vèbal se: langaj ki: (1) denigre elèv yo, fè yo wont, oswa pase yo nan betiz; ou (2) te deranje oswa ka deranje fason yon elèv travay lekòl oswa kapasite li pou patisipe oswa benefisye nan yon pwogram edikativ, aktivite lekòl la patwone oswa nenpòt lòt aspè nan edikasyon yon elèv yon fason egzajere; ou (3) te deranje oswa ka deranje sante mantal, emosyonèl ak fizik yon elèv yon fason egzajere; ou (4) bay elèv la rezon oubyen ka bay li rezon pou li pè pou yo pa bay li kou; ou (5) gen rezon oswa ka gen rezon pou kwè li bay yon elèv chòk nan kò li oswa afekte li emosyonèlman. Etap pou swiv pou rapòte abi vèbal yo nan Règ A-421.

III. NOTIFIKASYON BAY ANPLWAYE

Direktè lekòl la dwe sèten tout anplwaye, men sa ki pa pwofesè yo, konnen politik ak rèk DOE parapò ak pinisyon fizik. O minimòm, direktè/moun ki reprezante li a dwe:

- A. revize enpòtans Règ sa a ak tout anplwaye, distribye yon kopi Règ sa a bay tout anplwaye, epi fè chak anplwaye siyen dokiman pou rekonèt li resevwa li chak ane lekòl kòmanse;
- B. revize enpòtans règ sa a ak tout anplwaye ki vin nan lekòl la apre lekòl fin kòmanse pou ane a, bay li yon kopi Règ la, epi fè anplwaye a siyen dokiman pou rekonèt li resevwa li; epi
- C. re-distribye ak/ou bay asistans teknik konsènan règ sa a lè li nesèsè pandan ane lekòl la.

IV. RAPÒ SOU AKIZASYON PINISYON FIZIK**A. Obligasyon Anplwaye yo**

Nenpòt anplwaye ki wè y ap kale yon timoun, ki gen konesans ou enfòmasyon sou yon elèv yo kapab te kale oswa resevwa yon rapò sou sa oblije al di direktè/moun ki reprezante li a akizasyon an avan yon jou lekòl pase. Avan de jou lekòl fin pase apre anplwaye a fin fè rapò a, li dwe fè bagay sa yo tou:

1. ranpli yon deklarasyon temwen nan voye yon rapò bay direktè/moun ki reprezante li a w ap jwenn nan Sistèm Rapò Ensidan Anliy DOE a [Online Occurrence Reporting System (“OORS”) an angle] pou soumèt yon rapò ekri ou
2. Ranpli yon rapò anliy dirèkteman nan Biwo Envestigasyon Espesyal [Office of Special Investigations (“OSI”)] (gade seksyon IV (B) (2) pi ba a.

Si se direktè a yo akize te kale yon timoun, anplwaye a dwe fè rapò a dirèkteman bay OSI ak sistèm rapò anliy OSI a (Gade Seksyon B. pi ba a)

B. Obligasyon Direktè/Moun ki reprezante li a

Direktè² ou moun ki reprezante li a dwe rapòte tout akizasyon yon anplwaye, gadyen, machann, konsiltan DOE, anplwaye òganizasyon kominotè ak lòt moun te kale elèv touswit bay OSI avan 24èdtan pase lè yo fin aprann akizasyon sa a ak youn nan metòd yo ki pi ba a:

1. antre enfòmasyon an nan OORS la; ou
2. antre enfòmasyon an nan sistèm rapò OSI a nan https://www.nycenet.edu/office/osi/CPR_Form/form.aspx, oubyen rele OSI nan (718) 935-3800.

Si direktè/moun ki reprezante li a antre yon rapò sou yon moun yo akize te kale yon elèv nan OORS la, li pral dirije nan sistèm rapò anliy OSI a dirèkteman. Direktè/moun ki reprezante li an pa bezwen depoze yon plent separe bay OSI.

- C. Kou sistèm nan resevwa yon rapò sou pinisyon fizik nan sistèm rapò anliy OSI a, l ap kreye yon nimewo konfimasyon (“nimewo OSI”) otomatikman. Nou dwe refere a nimewo OSI nan tout lòt kominikasyon ki gen pou wè ak ensidan nou te rapòte a apre.
- D. Paran ak elèv yo ka kontakte direktè/moun ki reprezante li nan lekòl elèv la, kontakte OSI dirèkteman nan sistèm rapò anliy nan, oswa kontakte OSI nan (718) 935-3800 pou depoze yon plent pou pinisyon fizik.
- E. OSI responsab pou pran, evalye, revize, fè swivi ak fè pase enfòmasyon bay diferan biwo yo ki anndan DOE ak bay lòt enstitisyon konsène akizasyon pinisyon fizik la. Apre li fin fè rapò bay OSI, direktè/moun ki reprezante li a pa dwe fè okenn lòt investigasyon jiskaske OSI di li kijan pou li vanse. Sèl sa li ka fè se kontakte lapolis oswa Biwo Komisè Espesyal Pou Envestigasyon an [Office of the Special Commissioner of Investigation (“SCI”) an angle], si li apwopriye.

² Lè nou itilize mo direktè nan Règ sa a, li refere a sipèvizè lekòl yo tou. Sipèvizè lekòl la se moun k ap sipèvizè anplwaye yo akize te kale elèv la.

- F. Si se pa paran elèv la ki depoze yon plent, direktè a dwe di paran elèv la yon lòt moun te depoze yon plent.
- G. Moun ka depoze plent anonim ak sistèm rapò anliy OSI a.

V. **RANWAYE ANPLWAYE PANDAN ENVESTIGASYON**

Pandan investigasyon pou pinisyon fizik, yo ka retire anplwaye a nan travay ak elèv pou pwoteje sante, byenèt, ak sekirite elèv yo, ak entegrite investigasyon an tou, jan nou montre pi ba a.

- A. Lè OSI resevwa yon plent sou pinisyon fizik, li pral rekòmanse si nou dwe retire anplwaye a nan travay li pandan investigasyon an. Si o kòmansman OSI pa rekòmande yo retire li, direktè a ka mande yo rete li, apre revizyon yon Avoka Espesyalis Prensipal la ak anplwaye legal nan Biwo Avoka Jeneral la.
- B. Lè pou deside si pou ranvwaye yon anplwaye ou pa, nou dwe konsidere bagay sa yo: degre konpòtman yo akize li a; kijan anplwaye yo akize a te konn aji avan; aksyon nou ka pran si yo pwouve li fè sa yo akize li a vre; nati ak kantite fwa li pran kontak ak elèv la; ak nenpòt lòt bagay ki gen enpòtans.
- C. Si yo retire yon anplwaye nan travay li pandan n ap tann rezilta yon investigasyon sou pinisyon fizik, direktè dwe ekri anplwaye a pou di li nati investigasyon an avan senk jou gentan pase depi dat yo ranvwaye li a.

VI. **ENVESTIGASYON**

- A. Se swa OSI oswa lekòl kote ensidan an te pase a yo pral envestige akizasyon sou pinisyon fizik. Apre OSI fin resevwa yon rapò sou yon pinisyon fizik, OSI pral di direktè si OSI pral fè investigasyon ou oswa si se direktè a ki dwe fè yon investigasyon nan lekòl la [School-Based Investigation (“SBI”)].
 1. Tout anplwaye DOE gen obligasyon pou kolabore lè gen yon investigasyon sou pinisyon fizik, epi yo oblije ale si yo rele yo pou prezante pou yon entèvyou. Si OSI mande sa, direktè yo dwe ede OSI nan òganize entèvyou ak anplwaye lekòl la, ak mete dokiman yo mande yo disponib.
 2. Si yo mande direktè a pou li fè li fè yon investigasyon nan lekòl la, Avoka Espesyalis Prensipal la pral gide direktè a ak di li kijan pou li fè. (Gade nan seksyon VI(C))
 3. Si, pandan investigasyon an, gen yon bon rezon pou kwè an yo te abize elèv la seksyèlman oswa gen yon krim ki te fèt, nou dwe kontakte Depatman Polis Vil Nouyòk ak Komisè Espesyal Pou Envestigasyon an [Special Commissioner of Investigation (“SCI”) an angle] touswit, epi nou dwe kanpe investigasyon an jiskaske nou resevwa plis enfòmasyon.
- B. Kit se OSI oswa lekòl la k ap fè investigasyon an, men ki etap pou nou swiv lè n ap fè investigasyon an:³
 1. Poze moun ki prezime viktim yo ak etidyan/anplwaye ki temwen yo kesyon separe epi fè yo bay yon deklarasyon ekri byen vit kou li posib.⁴
 2. Bay anplwaye yo akize yon lèt avètisman 48 èdtan ki anonse li pou prezante ak yon reprezantan sendikal nan yon entèvyou pou diskite pinisyon fizik yo akize li a. Yon avètisman 48 èdtan ak yon avètisman ki di dwa li pou prezante ak yon reprezantan sendikal disponib nan: <http://schools.nyc.gov/Offices/GeneralCounsel/Legal/SFC/default.htm>.
 3. Nou pa ka bay moun nan entèvyou san reprezantasyon sendikal oswa avan 48 èdtan gentan pase depi anplwaye a resevwa lèt avètisman sa a amwenske anplwaye a renonse dwa li pou gen yon avètisman 48 èdtan ak/ou reprezantasyon sendikal. Nan

³ N ap jwenn etap pou swiv pandan investigasyon an byen detaye nan <http://schools.nyc.gov/Offices/GeneralCounsel/Legal/SFC/default.htm>

⁴ Nou pa bezwen notifiye paran oswa mande yo otorizasyon pou poze elèv yo kesyon. Si yon paran pa la, li t ap bon si direktè a poze kesyon yo devan yon administratè oswa anplwaye ki pa enplike nan bagay la, tankou yon asistan direktè, dwayen, travayè sosyal, oswa konseye pedagogik.

yon ka konsa, anplwaye a dwe siyen yon dokiman pou renonse dwa li. Dokiman sa a disponib nan <http://schools.nyc.gov/Offices/GeneralCounsel/Legal/SFC/default.htm>.

4. Rankontre ak anplwaye yo akize a. Nan rankont la, yo dwe eksplike anplwaye a kijan yo akize li pou pinisyon fizik ak opòtinite li genyen pou fè yon deklarasyon. Si anplwaye yo akize a mande pou li ka revize temwayaj elèv la, oubyen temwayaj lòt temwen majè ki gen enfòmasyon byen espesifik sou elèv la, anplwaye a dwe siyen yon dokiman sou vi prive devan yon reprezantan sendikal (si gen yon reprezantan la) pou di li pa pral pale sa ki nan deklarasyon an oswa pran revanj kont moun ki fè deklarasyon an (yo). Reprizantan sendikal la dwe siyen dokiman pou rekonesans vi prive a tou. W ap jwenn dokiman rekonesans vi prive a nan <http://schools.nyc.gov/Offices/GeneralCounsel/Legal/SFC/default.htm>. Nou dwe bay anplwaye yo akize a ak/ou reprezantan sendikal la yon kopi rekonesans la lè yo mande. Si anplwaye yo akize a refize siyen rekonesans vi prive a, nou dwe efase tout bagay nan enfòmasyon nan dokiman an ki ka idantifye nenpòt elèv, sòf pou viktim nan, nan temwayaj elèv ki viktim nan ak moun ki majè yo avan nou bay anplwaye yo akize a li. Nou pa gen dwa bay anplwaye yo akize a temwayaj elèv, sòf pou temwayaj viktim nan, si li pa te siyen rekonesans vi prive a. Nan sitiyasyon sa yo, lekòl la dwe li temwayaj la bay anplwaye yo akize a, epi fè yon jan pou li pa di okenn enfòmasyon pèsònèl nan temwayaj la ki ka idantifye nenpòt elèv ki pa viktim nan. Menm si li siyen rekonesans vi prive a, piga nou bay anplwaye yo akize a kopi temwayaj yo te bay pou revize pandan investigasyon an.
 5. Evalye prèv ak kredibilite tout temwen, ak moun ki di li viktim nan ansanm an anplwaye yo akize a ladan.
 6. Kenbe yon dosye separe pou chak plent.
- C. Sèlman pou Envestigasyon Nan Lekòl:
1. Avan 10 depi li resevwa plent la, direktè a dwe deside si plent la vre ou pa epi li dwe ranpli Pinisyon Fizik ak/ou Abi Vèbal - Fòmilè Envestigasyon Rapò, pou eksplike konklizyon ki fè pou chak akizasyon (Gade Atachman No. 1, Fòmilè Rapò Envestigasyon). Si yo bezwen plis tan pou fè investigasyon an paske gen yon bon rezon pou sa, direktè yo dwe kontakte Avoka Espesyalis Prensipal la.
 2. Lè yo ap fè yon investigasyon nan lekòl, direktè yo dwe eskane oswa faks Rapò Envestigasyon an tou ranpli ak siyen, ansanm ak nenpòt nòt yo te pran pandan entèvyou a, temwayaj ki ekri, an rezilta yo jwenn pandan investigasyon an, bay Avoka Espesyalis Prensipal la. N ap konsidere investigasyon nan lekòl yo fèmen sèlman apre direktè a resevwa yon konfimasyon nan mwèn Avoka Espesyalis Prensipal la pou di li sa.
- D. Nan fen investigasyon an, direktè/moun ki reprezante li a dwe di paran prezime viktim nan si yo pwouve akizasyon yo ou pa.

VII. AKSYON PÈSONÈL

- A. Lè yon direktè resevwa konfimasyon nan men yon Avoka Espesyalis Prensipal pou di li investigasyon an fini, direktè/sipèvizè sit la dwe bay nenpòt anplwaye yo twouve te vyole Règ sa a disiplin ki apwopriye. Direktè yo dwe konsilte Avoka Espesyalis Prensipal yo si ou bezwen èd pou prepare lèt disiplin yo.
- B. Lè yon investigasyon fini, kit se direktè a oswa OSI ki t ap fè li, yo dwe bay anplwaye yo akize a rezilta investigasyon an. Si yo te voye anplwaye yo akize a al fè yon lòt travay pandan y ap tann rezilta investigasyon an epi pa gen okenn lòt rezon pou li ap fè yon lòt travay, anplwaye a dwe retounen al fè travay nòmal li.
- C. Pou yon anplwaye ki vyole Règ sa a yo kapab bay li disiplin, ki kapab menm revokasyon, oswa lòt aksyon apwopriye aprè. An plis, pa gen anyen nan Règ sa a ki anpeche yon direktè bay yon anplwaye konsèy oswa disiplin paske li te aji yon fason ki pa apwopriye menm si li pa vyole Règ sa a.
- D.

VIII. KONFIDANSYALITE

Se politik DOE pou respekte vi prive tout moun ak tout temwen ki te pote plent ki gen pou wè ak Règ sa a. Men, dwe gen yon ekilib ant nesese pou pwoteje vi prive moun ak obligasyon pou kolabore ak investigasyon yo, pou respekte dwa moun yo akize a, ak/ou pou fè sa ki nesese pou jwenn yon solisyon pou plent la. Nou entèdi anplwaye lekòl la ki konnen bagay sou yon investigasyon sou pinisyon fizik pataje okenn enfòmasyon sou plent la bay moun ki pa gen otorizasyon pou konnen, tankou non anplwaye yo akize a (yo), elèv ki viktim nan (yo) ak temwen yo.

IX. ENTÈDIKSYON POU FALSIFIKASYON/REVANJ

Nou entèdi tout atanta pou falsifye oswa anpeche yon investigasyon sou pinisyon fizik fèt oswa pran revanch kont moun ki yo te kale a, sa ki rapòte li, oswa temwen an epi nou ka disipline moun nan pou sa. Si nou ta konnen yon moun ap fè sa nou dwe rapòte sa touswit bay SCI nan (212) 510-1400 ou intake@nycsci.org.

X. RAPÒ BAY DEPATMAN EDIKASYON ETA NOUYÒK

Gen yon ti rapò ki fèt sou plent pou pinisyon fizik bay Komisè Edikasyon an avan 15^{zyèm} janvyè ak 15^{zyèm} jiyè chak ane. Rapò a montre sa ki nan chak plent, rezilta investigasyon an, ki aksyon otorite lekòl yo te pran chak ka, si yo te pran.

XII. KESYON

Si gen kesyon sou règ sa a kontakte:

Office of Special Investigations
N.Y.C. Department of Education
65 Court Street – Room 922
Brooklyn, NY 11201

Telefòn

718-935-3800

Pou Envestigasyon Nan Lekòl, kontakte
Avoka Espesyalis Prensipal ou a

DOSYE OSI # _____

BIWO POU ENVESTIGASYON ESPESYAL (OSI)

65 COURT STREET - ROOM 922
BROOKLYN, NY 11201
TELEFÒN - 718-935-3800

AKIZASYON SOU PINISYON FIZIK AK/OU ABI VEBAL
RAPO ENVESTIGASYON

Dat Rapò a: _____ Nimewo Dosye OSI: _____

ENFOMASYON SOU ANPLWAYE A

Non: _____ Nimewo Dosye: _____

Posizyon: _____ No. Sekirite Sosyal: _____

Adrès Lakay: _____

Dat Nesans: _____ Lisans: _____

Lekòl: _____ Distri: _____ Boro: _____ Rejyon: _____

Kantite ane l ap travay la: _____

Titile: _____ Prob: _____ CPT: _____ PPT: _____ Pèdiyèm: _____

PASE ANPLWAYE A

Evalyasyon/aksyon dezagreyab avan Wi Non Si se wi, eksplike ak dat la (yo):

Akizasyon pinisyon fizik
ak abi vèbal ki te gen avan Wi Non Si se wi eksplike ak dat la (yo) ak
nimewo rapò:

DOSYE OSI # _____

ENFÒMASYON ETIDYAN (MOUN K AP POTE PLENT/VIKTIM) (ou ka ajoute plis enfòmasyon/viktim nan plis fèy papye, ki dwe kole ak dokiman sa a avan ou soumèt li)

Non: _____ Klas: _____ Laj: _____

Dat Nesans: _____

Eske elèv la te fè akizasyon deja?

Si se wi, eksplike ak dat la (yo) ak nimewo rapò a (yo)

Wi

Non

Narasyon sou pèfòmans elèv la (kondwit, eksetera):

ENFÒMASYON POU KONTAKTE PARAN/RESPONSAB LEGAL

Non: _____

Adrès: _____

Telefòn Kay: _____

Telefòn Biznis: _____

Adrès Imèl: _____

Dat yo te anonse paran/responsab legal ensidan an:

Anplwaye lekòl la ki te kontakte paran an: _____

DOSYE OSI # _____

ENSIDAN

**SI ETIDYAN AN AK/OU ANPLWAYE YO TE EKRI YON DEKLARASYON, KOPI DEKLARASYON DWE
KOTE AK FÒMILÈ SA A.**

Dat Ensidan an: _____ Lè: _____

Kote a: _____

Deskripsyon ensidan prezime a: _____

Aprè mwen te fin revize temwayaj yo ak evalye si nou ka fè prezime viktim nan, temwen yo, ak moun n ap envestige a kwayans, mwen fè konklizyon sa a: (Si li nesesè, mete plis enfòmasyon nan fèy separe, ki dwe kole ak fòmilè sa a.

AKSYON KI PRAN

Nou dwe genyen enfòmasyon sa yo.

_____ Pa gen prèv akizasyon an (yo).

_____ Gen prèv akizasyon abi vèbal la (yo).

_____ Gen prèv akizasyon abi vèbal la (yo) epi konpòtman se yon abi vèbal paske langaj la:

1. Te deranje oswa ka deranje fason elèv la travay lekòl oswa kapasite li pou patisipe oswa benefisye nan yon pwogram edikativ, aktivite lekòl la patwone oswa nenpòt lòt aspè nan edikasyon yon elèv yon fason egzajere; ou

DOSYE OSI # _____

2. Te deranje oswa ka deranje sante mantal, emosyonèl ak fizik elèv la yon fason egzajere; ou
3. Te bay elèv la rezon oubyen ka bay li rezon pou li pè pou yo pa bay li kou; ou
4. Te gen rezon oswa ka gen rezon pou kwè li bay elèv la chòk nan kò li oswa afekte li emosyonèlman.

_____ Gen prèv akizasyon pinisyon fizik la (yo).

_____ Pa te gen prèv akizasyon an, men nou twouve moun nan te itilize move jijman.

KANPE: Tanpri soumèt paj 1-3 nan dokiman sa a bay Avoka Espesyalis Prensipal (SFC) ou a pou revize. Si gen aksyon pou pran pou fè disiplin, n ap ka fè sa sèlman apre SFC a te refize tout dokiman ki obligatwa epi jije investigasyon an fini.

Tanpri note: Nan tou ka kote yo te pwouve akizasyon pou pinisyon fizik ak/ou abi vèbal oubyen kote nou te twouve moun nan te itilize move jijman, aksyon pou disipline oswa aksyon apwopriye apre dwe fèt.

ANPLWAYE TITILE

Moun nan se yon _____ pwofesè titile _____ administratè titile

Si yo pwouve akizasyon kont yon pwofesè oswa administratè titile, pinisyon ak ka yon lèt blam yo mete nan dosye pèsonèl li, **ak/ou chanjman sou Lwa Edikasyon Eta §3020-a**. Si, apre konsiltasyon ak Konseye Espesyalis Prensipal ou a, yo detèmine kapab gen yon §3020-a paske konpòtman an serye oswa li fè li souvan, oubyen lòt bagay ki gen pou wè travay pwofesè a, *dwe* konsilte Konseye Adjwen an, nan Depatman Pwose Administratif ("ATU") nan Biwo Sèvis la nan (212-374-6888).

_____ Nou te konsilte Konseye Espesyalis Prensipal la jou ki te

_____ Dat

_____ Pandan konsiltasyon, nou te rekòmande pou klase yon lèt.

_____ Dat

_____ Pandan konsiltasyon, nou te pwograme yon Konferans Asistans Teknik jou ki

_____ Dat

_____ Pandan konsiltasyon, lòt aksyon te rekòmande

_____ Dat

DOSYE OSI # _____

PWOFESE KI PA TITILE AK LOT ANPLWAYE

_____ Nou te konsilte Konseye Espesyalis Prensipal la jou ki te

Dat

_____ Pandan konsiltasyon, nou te rekòmande pou klase yon lèt.

Dat

_____ Pandan konsiltasyon, yo te revoke anplwaye a jou ki te

Dat

_____ Pandan konsiltasyon, pa gen anyen ki te rekòmande

Dat

Non moun ki prepare rapò a

Tit

Siyati moun ki prepare rapò a

Dat li te prepare